

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA - TAMA :

1 taoen f 6, — }
1/2 " f 3, — } njoewoen ka-
3 woelan f 1,50 } bajar roemijin.
Kénging mbajar saban woelan }

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja f 36, —
1/2 " f 18,65.
1/4 " f 9,75.
1/8 " f 5,25.
Saladjengipoen : saban 1 cm² f 0,03;
sekedik - kedikipoen : f 1,50.
Kabar premili alit - alitan : f 1, —
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saban dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrésipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

BAR WATANGAN.

Poenggawa nagari—Kaoem-berah.

Soedan blandja saéstoe badé kaditindakaken. Pihak ingkang badé kataman sampoen mrotest kanti sa-nget. Boten anggoemoenaken!

Nanging jèn dipoentelingaken, ing salebetipoen dedreg mrotest kok kawedal swanten ingkang ngemoer roas:

„Poenggawa nagari pada karo kaoem-boeroeh“.

Poenapa raos poenika kewedalipoen margi dipoensyda, poenapa margi namoeng ketloempèn, boten badé koela rembag. Déne ingkang dados mamanaan koela:

Poenapa poenika leres?

Boten maiben, poenggawa nagari mila katah èmpèripoen kalijan kaoem-berah. Poenggawa nagari kalijan nagari (paréntah) moedjoed-aken kalih golongan kados déne kaoem njamboet-damel kalijan kaoem-soeka-damel. Kaoem-berah kedah njamboet-damel, lan margi makaten angsal pitoewas; lan makaten poenika mawi dipoenkantjing srana contract. Makaten oegi poenggawa nagari.

Nanging sadaja waoe, manawi dipoenemataken, wonten bé d a n i p o e n toer boten sakedik.

Oepami saweg anggagas ing s a k a w i t i p o e n kémawon, sampoen tjeta, sadèrèngipoen tijang dados poenggawa nagari, poenika boten sami kalijan kaoem-berah ingkang dérèng kasingsetan ing contract. Tijang berah ingkang kados makaten poenika prasasat ngadeg sadjèdjèr kalijan tijang ingkang badé soeka damel: „Akoel lan Kowé“, boten gadah gagajoenan poenapapoenapa. Pak Krama, sadèrèngipoen sagah njamboet-damel wonten ing pabrik X, boten gadah koewadjaban poenapa-poenapa toemrap dateng pabrik waoe, nanging oegi boten gadah hak poenapa-poenapa. Pak Krama wonten sadjawining tek-kliweripoen pabrik X. Pak Krama boten gadah gagajoenan poenapa² kalijan pabrik X.

Nanging boten makaten kawontenanipoen tijang ingkang dèrèng dados poenggawa nagari (ambtenaar) toemrapipoen kalijan nagari (paréntah) pijambak. Awit sadèrèngipoen tijang waoe dados ambtenaar, sampoen gadèng kalijan paréntah, sampoen gadah gagajoenan. Tjalon ambtenaar kalijan paréntah toenggil sak-pradja nagari: kalih-kalihipoen wonten salebetipoen pradja nagari waoe, kawengkoe dados satoenggal. Amrih tjetanipoen koela mendet kanggé tjonto kawontenanipoen brajat (gezin): Bapa-bijoeng kénging koela oepamèkaken paréntah; déne anak lan bathi ingkang kapéngin dados ambtenaar. Boten namoeng para anak kalijan para bathi tok ingkang moedjoedaken brajat, nanging bapabijoeng inggih katooet. (Poenika namoeng mligi tjonto kémawon lo, awit brajat poenika boten sami plek kalijan pradja nagari!)

Bédanipoen malih doemoenong wonten ing pandamelanipoen.

Koeli ingkang ambetakaken betan koela saking sepoer dateng andong, pandamelanipoen poenika namoeng kanggé koela; lan boten wonten ingkang badé madjibaken pandamelan waoe. Tijang njamboet damel ing pabrik, pandamelanipoen poenika leres boten kanggé tijang satoenggal til, nanging kanggé satoenggiling babadan (bedrijf); éwasamanten babadan waoe taksih nama partikelir, lan inggih dèrèng wonten ingkang saged madjibaken: „koedoe njamboet gawé ana ing pabrik.“ Nanging manawi poenggawa nagari poenika pandamelanipoen boten kanggé salah satoenggiling pangageng, minggahipoen paréntah pijambak; nanging kanggé oemoem, kanggé pradja nagari, soepados saged kadoemoegèn ing toedjoe, i. p. soepados oemating pradja nagari jektos manggijha karahadjengan. Sarèhné pradja nagari

poenika margi saking kodrating manoesga kedah wonten, lan toedjoenipoen dados inggih kedah kagajoeh, milanipoen pandamelan-pandamelan ingkang noentoen dateng toedjoe waoe saged dipoenwadjabaken.

Ing riki tjeta aos oetawi tegesipoen pandamelaning poenggawa nagari. Pandamelan waoe kados déné pendamelanipoen tijang sepoeh ingkang toemandja dateng brajat; béda sanget kalijan pandamelanipoen tijang berah.

Ing riki tjeta oegi kados-poendi dradjad ing poenggawa nagari, Boten awis seboetan „pinisepoeh“ dipoenanggé; poenika boten nama sakarsa tanpa wawaton. Seboetan „priaji“ boten kotong ing teges.

Milanipoen poenggawa nagari, margi poenggawa nagari pantes dipoenormati, dradjadipoen pantes ingaosan.

Nanging sampoen keladoeken ing pamanggih! Sampoen mastani, jèn namoeng dradjad priantoen tok ingkang pantes dipoenaoesi. Sadaja pandamelan (boten awon!) ingkang kénging dados srana pados teda, wonten aosipoen. Sinten njamboet damel, perloe kanggé njagak oetawi majaraken gesangipoen, poenika pantes dipoenaoesi. Awit nindakaken pandamelan kados makaten poenika nglengghi kamanoesanganipoen, lan sinten ingkang nglengghi kamanoesanganipoen poenika pantes ingaosan. Dados tijang berah wonten ing pabrik boten nama asor, nista. Kaoem berah ingkang nindakaken pendamelanipoen kados ingkang samesti boten nama golongan tijang asor nista, nanging malah pantes dipoenaoesi.

Tijang dados ambtenaar poenika boten kados tjaranipoen tijang sadé tinoembas: „akoel awèh iki, ning wèhana koewi“ Tijang dados ambtenaar poenika srana dipoen-benoem (dipoendandosaken, dipoendjoen-djoeng); dipoenpasrahi wewenang.

Milanipoen bajar ambtenaar poenika kirang manggèn, manawi dipoentjeloelek nama „opahan“ (loon). Djer poenika boten kanggé toembasan anggènipoen njamboet damel, nanging soepados ambtenaar waoe gadaha srana kanggé gesang mitoeroet pangkatipoen.

Makaten lenggahipoen poenggawa nagari wonten ing samdyaning gesang sasarengan. Mèmper kalijan kaoem-berah, nanging namoeng satlèraman, lan sadjanipoen béda sanget.

Dalsa.

PRADJA RAHAJOE.

SINTEN KARSA MANGGALIH?

(Nasipipoen pamoelangan angka kalih)

Sadèrèk! pandjenengan priksa sapinten ngrekaos lan awratipoen pados pangoe padjawa ing salebeting djaman soek-soekan poenika. Kénging koela temboengaken djaman arebat gesang; sawenèhing sardjana mastani djaman „koetila.“ Ing djaman brekosakan (kina) sinten ingkang rosa inggih ingkang sakétja gesangipoen, kinèringan ingakatah. Sapoenika metékoling badan, woeliding koelit, kijénging sarira dawah nomer kalih. Landeping boedi, èntjèring poen oetek, poenika ingkang dados teleng marginipoen manoesga kinèringan ing sasami, ingaosan ingakatah. Tetéla bilih ing djagad panggesangan djagad pangoe padjawa mbetahaken sanget dateng èntjèring oetek, djembarang kawroen!

Sadèrèk! pandjenengan priksa oegi saban taon sapinten tjetjahing para moeda wedalan pemoelangan H. I. S., Mulo, A. M. S. sasaminipoen soemrambah ing poendi-poendi. Priksa oegi bilih para moeda waoe sapérangan ageng sami badé pados pangoe padjawa minangka sangoe ning ngagesang.

Nitik kawontenan makaten kita saged nggagapi bilih saja lami dja-

ISINIPOEN.

Bar watangan — Sinten karsa manggalih — Agami poenapa poenika — Awas sampoen ngantos selingsingan — Péngetan sawatawis babagan enz. — Goentinging pers — Journalistik — K. W. Kalasan — Pista riaden M. K. ing Mataram — Pangandika dalem enz. — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

Ingkang dèrèng ngesahi arta lengganan, kasoewoen énggal maringaken.

gad pangoe padjawa, pekening pandamelan badé saja sesak. Malah-malah sampoen kapara tirah-tirah, katah oegi ingkang namoeng dados mantri djalan alias pandji klantoeing djalaran wontening: intellectu-eèle overproductie. Mitoeroet oeter koela waoe kados sampoen tjeta bilih ingkang èntjèr oeteki poen ateges inggil pasinaonipoen badé angsal tataran inggil, kosok-wangsoelipoen ingkang oetek boeober, wedalan pamoelangan sebènggolani badé kadesoek kaenèt-ènèt ngantos boten saged ambag.

Sadèrèk! doemoegi samanten atoe koela ingkang minangka beboeka. Soemangga sapoenika koela atoe mriksani lan ngraos-ngraosaken poetra-poetra pandjenengan wedalan klas karèt, pamoelangan angka kalih, Standard sadjiniisipoen. Koela atoe mriksani polahipoen anggènipoen kepéngin toemoet gesang ing djagad pasrawoengan ingkang oegi koewadjaban ndjagi badan lan brajatipoen ing tembè. Kawoeningana bilih dasaring oeteki poen dèrèng temtoe jèn mboetjal; namoeng kabekta kawontenan warni-warni ngantos kepeksa boten saged minggah ing tataran langkoeng inggil.

Kita mangertos bilih antjasing „Onderwijs“ wekdal sapoenika pantjen gèshè kalijan nalika toemantjèng ing djagad kita sapisanan. Manger-tos oegi jèn gantosing antjas pantjen sampoen saleresipoen. Antjasing pamoelangan golongan kita soewaoe namoeng andjagèni ambtenaar nagari. Sareng sapoenika koewalik grèmbjang: „Botjah sekolah soepaja pinter, prakara pagawéjan: em-boeh.“

Nitik poenika kita kedah ngakeni jèn antjasing laré kasekolahaken boten namoeng soepados saged dados prijantoen; malah pangraos poenika kedah kasirakna saking anggen-angen kita. Ngitjali angen-angen kaprijantoenan ateges njirnakaken watak „mbatoer“ watak „beberah.“ anenangi watak „madeg pribadi“ (zelfstandigheid). Sapoenika poenapa raos madeg pribadi poenika sampoen saged toemanem ing manabing anak-anak kita? Saged mandjing ing baloeng soeng-soemipoen? Ing theorie kénging koela temboengaken 90% sampoen. Nanging ing practijk, toemindakipoen, kados-poendi!

Pandjenengan woeninga, dateng poendi poeroegoepen poetra-poetra waoe? Koela atoe mriksani ing kantor-kantor. Ingrikoe pandjenengan badé priksa doenoenging poetra pandjenengan, Badé linggih ing koersi klerk (tjarik) sampoen kaengen an poetra wedalan Mulo, A. M. S. apes H. I. S. Begdja-begdjanipoen koemanan lintjak mandor, plajangan, oepas sasaminipoen. (N. B. panjerat boten nedywa ngawon-awon ing sanès sampoen klèntoe tampi). Blandja oeqer tjepak kanggé djadjan. Melas!!!

Sadèrèk! Sapoenika mangga sami dipoentloesoer sajektos. Poenapa inggih sampoen njamleng saéstoe doenoenging poetra-poetra pandjenengan. Poenapa kasagedan samanten poenika inggih ing rikoe doenoengipoen? Éman! kaprigelaning maos namoeng toemandja wonten „looper.“ Bagoesing seratan namoeng kanggé toekang njerati adrèsing serat-serat kabar. Toemandja étang-étang namoeng toemandja ing tjarik pegantosan sasaminipoen.

Sapoenika pandjenengan temtoe badé pitakèn: Lha endi doenoeng-ing rasa madeg pribadi? Lha endi doenoenging kekarepan ngemohi mbatoer? Lha apa wohé disekolah-akè nèk pamatoenè pada karo pak Krama koeli sepoer sing ora taoe mamboe sekolahan!!!

Mireng temboeng makaten ngeres manah koela, kèngetan awrating rekaosing pados sekoel sapoeleokan.

Sapoenika pandjenengan ngraos jèn piwoelang ing angka kalih dèrèng kénging kanggé bawa pribadi.

Poenapa margi taksih andap sanget? boten!!! Margi piwoelang rikoe mèh babar pisan boten magepokan oetawi boten wonten ingkang kénging dipoelampahi kanggé zelfstandig.

Mangga koela atoe mriksani pakarjanipoen leloehoer kita sadèrèngipoen wonten sekolahan. Éwasamanten saged zelfstandig! Pakarjan waoe i. p.:

1e. Tani 2e. Dagang 3e. Krija. Tigà-tiganipoen roemaos koela sampoen kénging kanggé madeg pribadi. Sapoenika poenapa ing pamoelangan kita sampoen wonten woelangan makaten. Poenapa ing Indonesia ngrika sampoen wonten pamoelangan waoe? Sampoen! Pinten??? Pinten tjatjahing kawoela Indonesia? Pinten tjatjahing pamoelangan waoe??? Sampoen timbang??

Sadèrèk! koela jakin peil ing angka kalih boten nama sepélé. Jakin oegi bilih ing angka kalih manawi woelangan waoe boten namoeng theorie, oegi practijk badé ageng pigoenanipoen. Badé saged mbéngkas raos mbatoer! nggedibal!!! Wangsoel badé ngentjengaken raos zelfstandigheid. Bèndjing poenapa angka kalih mawi piwoelang handelskennis?

Kita mangajoe bagja déne geereing sampoen wiwit manggalih wontenipoen cursus van kleinhandel. Nanging poenapa wohipoen sampoen njekapi? Poenapa kintenipoen boten langkoeng saé, manawi pamoelangan „Normaalschool“ pijambak dipoenwonteni piwoelang: „handelskennis.“

Wasana panoetoeping atoe koela namoeng memoedji. Moegi piwoelang ing pamoelangan andap sami kapanggalih saéstoe sageda ndandosi positie-nipoen ingkang toemoesipoen badé ndjoendjoeng djagad kita. Moegi-moegi wontening pamoelangan: tani dagang, krija, sageda mradjak ing poendi-poendi moerakabi ingakatah.

Semanten kémawon.

noewoen
L. J. Hernawa.

AGAMI POENAPA POENIKA?

Saban badé ngantjik woelan Juni, pangagenging sakolahan sami riboet anggènipoen damel staat-staat iksamenan dateng sakolahan warni-warni oetawi damel iksamenanipoen. Koela inggih ragi toemoet riboet. Ingkang badé koela atoe raken bab anggèn koela ngisèni kolom panggenan agamanja (beragama) mbok-manawi boten namoeng koela pijambak, sanadjan goeroe ingkang wonten missie, zending, mochamadijah oetawi sanèsipoen inggih sami kémawon:

Liripoen makaten: Laré ingkang boten nglampahi agami poenapa poenika dipoenserat poenapa. Wasanipoen namoeng asring koela takèni kémawon laré nipoen. Laré ingkang koela takèni waoe kénging kapestèkaken jèn mangsoeli „Islam“ ing rikoe toeroes koela isèni Islam. Sanès wekdal asring taksih koela ojak: „Tandané Islam apa?“ Laré mangsoeli: „Tandanipoen koela Islam.“ (tetak). Koela ladjeng takèn dateng laré ingkang dèrèng Islam (tetak): „Agamamoe apa?“ Wangsoelanoenipoen: „Inggih Islam, djalaran bèndjing islam.“ Lo rak loetjoe ta. Mangka ènget koela sing nglakoni roekoen ing, ja koeli wong Islam. (Poenapa leres Rama Red.?) La jèn ingkang sampoen naté nglampahi

GOENTINGAN PERS.

Njirik pitoeloenganing Missie.

Sedyo Tomo, ingkang medal 12 Djoeni, pérangan kabar Mataram, ngewrat pakabaranan saking ingkang asisinglon *Apa koewat*, asisirah „Njirik pitoeloenganing Missie.“

Pakabaran waoe oengelipoen makaten:

Koela mireng kabar, satoenggiling laré asli saking Ngajogjakarta ngrika, ingkang wiwit alit sakolahipoen manggèn wonten salebetipoen internaat gadahanipoen Missie ing Moentilan, sarèhning wonten sabab ingkang sambet kalijan waragad sakolahipoen, pijambakipoen kapeksa pindah sakolahan sarta boten manggèn ing internaat.

Dasaripoen laré waoe pantjèn-peng-pangan kasagedanipoen, mila salaminipoen sakolah, pijambakipoen ngantos dados pangaleman, ngoengkoeli kalijan kantja-kantjanipoen. Sawenèhing goeroenipoen sampoen naté njarijosi, jèn pijambakipoen kapedetolan waragad ingkang ngantos kandeng ing sakolahipoen, sagah maragadi sok oegi boten moertad saking Katoelik.

Wonten sakolahan ingkang nétral dateng agami, saja katingal saé bidjining kasagedanipoen, ngantos direktoering sakolahan mitoe-loengi toembasan boekoe sarta bajaran sakolah satjekapipoen. Makaten saja dangoe saja komboel kasagedanipoen, ngoengkoeli kala wonten ing Moentilan.

Menggah sababipoen: wonten sadjawining Missie pijambakipoen sanget mardika pasinaonipoen, boten karégonan agama. sanadjan pijambakipoen saban minggu inggih boten kasoepèn dateng Grédjanipoen.

Mila jèn boten kapèpèt sanget, sanadjan sampoen wonten ingkang sagah mragadi, nerosaken sinaoelipoen, pijambakipoen jèn boten angsal pitoeloengan saking Goepermèn oetawi pitoeloenganing tjang sanès ingkang boten sawarni nantjing pasinaonipoen, boten kètang ambarangkang badé waragad pijambak.

Dados, wiwit alit, laré waoe manggèn ing internaat Missie Moentilan: larénipoen laré pinter; margi wonten sabab ingkang gadèng kalijan waragad sakolah, k a p e k s a pindah sakolahan, ingkang neutrala agama.

Ing ngrika terang, . . . wonten kandoetan: „Missie emoh noeloengi prakara bajarané sakolah. Moelané k a p e k s a pindah sakolahan!“

„Wonten sakolahan neutrala dateng agama, saja pinter, saja komboel. Ngantos direktoeripoen mitoe-loengi toembasan boekoe sarta bajaran sakolah satjekapipoen.“

Dados, nitik kabar poenika, wonten kanjataan, laré waoe wonten sadjawining Missie pikantoe pitoeloengan bajaran sakolah. Roemijin wonten Missie, boten. Mila ladjeng katemboengaken: njirik pitoeloenganing Missie. Koela namoeng goemoedjeng kémawon!

Nanging, inggih kadjengipoen. Prakawis poenika boten perloe koela manah pandjang. Awit, koela mangertos intjeranipoen ingkang saéstoe dédé poenika. Mangga dipoenemataken malih:

Wonten sakolahan neutrala agama. saja montjèr. „Menggah sababipoen“ wonten sadjawining missie pijambakipoen sanget mardika pasinaonipoen, boten karégonan agama, sanadjan saban minggu inggih boten kasoepèn dateng Grédjanipoen.“

Nitik poenika, samangké pijambakipoen taksih agama Katoelik.

Roemijin kala wonten Moentilan inggih Katoelik.

Roemijin Kath., sapoenika agama Kath. Nanging sapoenika, saja montjèr, margi boten karégonan agama.

Lo, ladjeng doenoengipoen „karégonan agama“ jèn makaten poenika kados-poendi. Jèn pantjen laré waoe ngantepi agama ngrégoni pasinaon, ngalang-alangi petjahing nalar marang kawroeh oemoem, pantjenipoen rak boten soesah saban Ngahad dateng Grédja. Tegesipoen agamané diboeng baé!

Agama ngrégoni pasinaon?

O, pantjen djagad Katoelik koewi nggoné wong bodo. Ora ana sing asesesoetan, meester, doktor, professor, insinjoeer. Kabèh angger Katoelik koewi bodo kaja kebo. Sab, . . . nalaré boendel, déning kerégonan agama . . . Pan . . . tj . . . Saweg doemoegi semanten, dèrèng telas, . . . kaselak kakang Patjar Mérah ngabani koela, sadjak galak: „Prit, . . . proeiititititit, . . . stop, . . . stop!“

Poen Pandjak Mataram, mangsoeli: „Trondolo!“

Prendjak Mataram.

PAREPATAN WARGA K. W. ING KALASAN.

Doemawah ing 21 Juni 1931, manggèn ing R.K. Standaardschool. Ingkang rawoeh wargu 17 tame kakaeng 2, poetri 3, sesoe-ling pakempalan poetri ing Kalasan: Setya-Wanita. Hartaka alangan.

1. Djam 9.30 bakda koerban Mis pakempalan kabikak, kanti ngatoeraken panioewen dateng para tamoe, wargu, Pangreh Canisus sarta Moeda Katholik ingkang sampoen ngrembag papan toewin oendjoekan.

2. Maos pèngetan kepanggih absah.

3. Pakabaran. a. Wargu wonten ingkang medal satoenggag, amargi perlop. b. Pangreh mendet arta kas kanggé toembas retja Dewu Martjah kanggé tanda mripat dateng wargu ingkang mentas krama. c. Wonten sadèrèk tagu ingkang kapindah: Mas Siswosomarto dateng Goebow, Mas Hadiwardjo: Ngajodja, Mas Koesta: Djoewangèn.

4. Kados-poendi tandang kita manawi wonten kanta ingkang dados mantèn, bajèn, pindah. Poetoesan: ngatingalaken katresnanipoen sarana toteoengng sapantesipoen oeta- wiji njoekani tanda mripat.

Pangarsa ladjeng nerangaken awon saéning soembang-soemangan ngantos pandjag lebar. Ringkesipoen makaten: 1. mbeborosi, 2. saged djor-djoran, 3. roemao njamboetaken, 4. boten patos migoenani, 5. jèn boten saged njombang: isin, 6. ne- biahaken pasadèrèkan, 7. ngrisakaken. Déné saéning: 1. ngatingalaken katresnanipoen, 2. njampeti betah sawatawis, 3. katingal goejojipoen. i.s.s. Prajinipoen: 1. kedah medal manah soeti, 2. awoedjod baoc-soe- koe oetawi banda béja ingkang boten ngantos ngaja-aja, 3. loemantar pakempalan, moerih boten damel lingsem toemrap ingkang njombang sakedik. Déné dateng sadè- rék ndjawi kedah empan papan.

5. Oesoel lan pitakéan.

a. K.W. Kalasan dèrèng saged klebet dateng P. K. W. djer dèrèng ngintoekaken Contributie, ledenlijst lan jaarverslag.—Wang- soelien: jèn statuten lan huish. regl. sampoen kaanggep, temtoe badé ngladosi kekira- nganipoen. (Kados-poendi sadèrèk Panitra P.K.W.?)

b. Dinten Ngahad njamboet damel bo- rong ing pabrik poenapa kènging? — jèn boten saged ichtiar sanès: kènging.

c. Sarèhning K. W. Kalasan ngajom St. Joesoep, mila manawi pinodjoe raijanipoen njowoewon kawontenaken feest!—Prajinipi.

d. Tradjangan K. W. Kalasan dèrèng kapapé golongan ndjawi, sarèhning wonten kempalan poetri ingkang nembè diomedoel ing Kalasan inggih poenika Setya Wanita, kasoewoen soepados K. W. kersa oetoesan sesorah ing kempalan wae oepami bab panggoela-wentah!—Prajinipi, moegi Pangrehing S. W. manawi kempalan kersa ndjawi K. W. Manawi sadèrèk Katholik (dédé K.W.) sampoen katingal, tradjanganipoen wonten ndjawi, mèh sadaja prijanioen kakaeng poetri sami ngasta pangrehing pakempalan ing- kang wonten ing Kalasan: Setya Wanita pangreh 5 ingkang Katholik 3; Sedya Roe- koeu: 7 ingkang Katholik 3, Coöperatie: 7 Katholik 3, Baldo (bal-balan) 9, Katholik

roekoen Islam. ladjeng boten nglam- pahi mailih, poenapa inggih Islam? Kadang-kadang koela isèni „aban- gan” kadang koela isèni „Djawi” malah ragi matoké dateng „Kapir”.

Sekawan wae poendi ingkang leres: Islam, abangan, Djawi lan Kapir. jèn Islam terang lepat. Bab poenika sadjatosipoen boten na- moeng koela semantakaken (takèk- aken) dateng sadèrèk Katholik kémawon, dateng sadèrèk Kristen sanèsipoen, dateng sadèrèk Islam sadjatai, malah dateng sadèrèk ing- kang boten nglampahi agami oegi koela semantani. Anggèn koela njowoewon priksa wae, awit ing staat ngrikoe dipoenserat, temtoe- nipoen ngemoew pikadjangan.

Wasana koela namoeng ngentos poetoesan saking sadèrèk sanès, kènginga kanggé gèndolan.

D. S. Teoneow. Bagelèn.

JOURNALISTIEK.

WAWASAN BAB PERS SAWATAWIS.

(saking nak Widyantâ ing Pop.). Boengkie: Kang, kang Tjemploek. Tjemploek: Hih, ana apa ta dik Boengki?

Bk. Anoe kang! Akoe teka sok kroengoe tetemboengan journal the opinion *) karo journal the information, **) ikoe apa ta karepé?

Tjp. Prekara tetemboengan ikoe temboeng Inggris, tegesé: journal = lajang kabar padinan, — minggon oetawa — sasèn; opinion = pa- ngrasa, gagasan oetawa pikiran; information = kabar.

Lha, moenggoeh kang dadi karepé kanggo ngarani lajang kabar. Bk. Lajang kabar sing kaja ngapa sing sok diarani mengkono?

Tjp. O, ikoe! Mengkéné: lajang kabar diarani journal the opinion, jaikeo jèn isiné (kadjaba telegram, kabar saka ngamantja sarta kabar oemoem), kang toemoedjoe marang sawidjining prekara oetawa kaanan pada disèlèhi wawasan, keterangan oetawa gagasan. Déné sing diarani journal the information, jaikeo jèn isiné ora ana babar pisan sing disèlèhi wawasan, keterangan oeta- wa gagasan. Kabèh-kabèh ikoe moeng diborongaké marang kang matja baé.

Bk. Lha, moenggoeh sing prajoga sing endi kang?

*) kawaosan: dzân'l dhe opinjen.

**) " : " infâmè isin. (W.)

3. koersoes tembang inggih wonten ingkang toemoet.

Pangarsa njowoewon moegi para sadèrèk Katholik kakaeng poetri sami ngatingalna tradjanganipoen Katholik, inggih wonten ing pakempalan, inggih wonten ing poendi?

6. Pangroektu laja moetoew anggènipoen jasa loerob.

7. Djam 12 têng katoetoe kanti ngloe- hoeraken asma Dalem Sri Jésoes.

Panitra J. Prawira-atmadja.—

PISTA RIADÈN MOEDA-KATHOLIEK MATARAM.

Dinten Ngahad tanggal kaping 21 Juni poenika dinten ageng, oegi toemrapipoen pakempalan Moeda-Katholik, awit dinten poenika pinodjoe raijanipoen Santo Aloysius, patroonipoen para moeda, patroonipoen M. K. oegi. Ing dinten kasbat nginggil wargu-warganipoen M. K. katingal sanget ang- gènipoen ngormati patroonipoen. Djam 6 èndjing sami ndèrèk Mis ing Grèdja Santo Joesoep. Ingkang ngendoekaken Mis Soe- tji Rama J.J. van Rijckevorsel, Moderatoripoen M. K.. Wonten ing satengahing Mis para wargu sadaja sami madjeng sasarengan perloe tami Panoenggag Soeti. Sadaja ngagem isigne awarni gendéra alit, abrit- petak mawi katjirènan salib awarni diené. Abrit ateges katresnan, petak karesikan lan salib diené mertandani soejoet dateng I. S. K. S. Bapa.

Sadèrèngipoen nampèkaken Sakramèn Maha Soeti, Imam preek sawatawis kanggé M. K. Temboengipoen ngagengaken manahipoen para Moeda-Katholik sadaja.

Medal sangking Grèdja gendéra ageng abrit-petak, mawi kruis diené, gendèranipoen M. K. dipoenring dateng grijanipoen sad. E. Soegijarta. Rama Moderator oegi toemoet. Sadatengipoen ing rikoe, para wargu toewin donateur sami kapotrèt, ladjeng kemoel dahar sarapan kalijan mirengaken muziek. Sareng muziek kèndel, Sad. Soekadir ngan- daraken babadipoen St. Aloysius, wiuw mijos doemoegi sèda. Rampoeng Sadèrèk Soekadir, gentos Sad. Soenardi nrijosaken kekendelanipoen St. Aloysius. Sad. Soenardi rampoeng, gentos Sad. Bernakyono, pangar- sanipoen M.K. golongan Johannes Bergmans. Pijambakipoen ngiliraken pangdjeng-adjengipoen, soepados bèndjing M.K. golongan St. J. Bergmans sageda. ageng oegi kados kangmasipoen. Sad. Soejojio atas namaning zangkoor atoe panrimah bilih warganipoen ingkang katah saking M.K. Sad. Soegiri nrijosaken kabingahanipoen, bilih raji-rajipoen katingal sajok-roekoek. Rama Mo- derator ngiliraken agenging pangdjeng-adjengipoen dateng M.K. wiuwitan poenika, ingkang dados pandèning pakempalanipoen para moeda-Katholik.

Sadaja katingal bingah-bingah, wonten ingkang dolanan kwartèt, domino, wonten ingkang dahar kalijan gegoedjengan. Kang- mangka muziek teroes boten kèndel, ngan- tos doemoegi djam 11.30.

M. K. er.

AWAS!!! SAMPOEN NGAN- TOS SELINGSINGAN!!!

Gadoeng poenika manawi kleresan pangolahipoen; éta lan moerakabi; saja manawi dipoen-gorèng lan ka- sareman sakedik, kemremes goerih: kosok-wangsoelipoen, manawi lepat pangrènahipoen; badé mendemi. Kaparenga panjerat ngobrol sakedik, para maos.

Ing ngandap poenika pakabaran ingkang koela dèrèng saged nem- tokaken leres toewin njata oetawi botenipoen. Saoepami pakabaran poenika boten njata; oetawi lepat; panjerat matoer „sokoer bagé sèwoe” namoeng inggih saged kelampahan saèstoe; gandèng lan watak-wan- toening sadèrèk kita ingkang kina- baraken. (Watak-wantoe wae asring katjeta; ngègla; wonten ing riki; saben-saben ngedali; pandjenengan

sadaja tamtoe badé mèsem. Kados- poendi???)

Makaten: Ing satoenggiling papan (Rèh Prov. Djawi tengah) oegi tak- sih wonten sadèrèk pandjenengan pijambak ingkang mbédak-mbédak- aken sanget. Sadèrèk baboe Adan- gging inggih nembè martosaken namoeng sanès Djawi tengah. Poe- nika lo woedjoedipoen: Wonten satoenggiling sadèrèk kagoengan kempalan tjélèngan (kilap namani- poen) badé dipoendèrèki sadèrèki- poen pijambak boten pareng. Wang- soelanipoen „Kowé rak wis ngerti”. Dèrèng tosé. Jèn doeroeng ngerti mokal; wonten njipati saben dina; éwadéné jèn pantjèn doeroeng ngerti teman, mangkéné tak toetoeri.

„Tjélèngan iki kanggo para goe- roe, lan para sing djempol-djempol lé.” La koela poenika rak inggih goeroe ta??? Bener kowé ikoe goeroe, ning?? Wah bregasé. Bregas saèstoe inggih sae- oedara??? temboeng ning poenika kok seger sanget. „Menèh, tjélèngan iki saben wargu apesé koedoe saméné (.?) enggoné njèlèngi sesasi- sasiné, koewat apa kowé?”

Lo rak kampioen malih? Pantjèn goedang kampi-ja-joen??? mBok ing- gih sanèsipoen poenika dipoen- pingi kampinipoen sakedik-sakedik; sampoen dipoen pijambaki. Poenapa mila kampi ndjawi ngle- betipoen saèstoe??? ta??? Sokoe ma- nawi kampi ndjawi nglebet saèstoe; mangké gèk namoeng ndjawi ké- mawon; ingkang saged soembar mrika-mrika; mboten ètoeng ngle- betipoen Waton ndjawi djempol????????? Kados-poendi sa- dèrèk; saé poenika??? Bregas sa- èstoe; poenapa poenika???

Ngatos-atos sadèrèk!!! katah ing- kang njemak, lo!!! Nembè poenika rak wonten ingkang njénggol mawi paloe, inggih??? Lo kok weroeh (ngreti) ana wong dipaioe; njata weroeh temenan ana ngendi? Ka- dos boten perloe koela djebagaken, sampoen ngertos; mangké manawi koela blag-aken mindak saja ka-

VAN LITH-STICHTING Mangga! — Mangga!! SINTEN ingkang dèrèng dados CONTRIBUTANT V. L. S. énggal koela atoe ri loemebet Penningmeester V. L. S. p/a 2e Convict. Moentilan N. I. S.

pandjang-pandjang; boten saé. Koe- la atoe ri ngolak-alik pijambak ké- mawon rak saged pinanggih poe- seripoen. Temtoenipoen para maos badé moendoe pirsu; sing dikodjahaké iki ngendi ta???

Kados-kados poenika inggih bo- ten perloe koela atoeraken; temtoe- nipoen sampoen sami pirsu dateng lagéning sadèrèkipoen pijambak; rak inggih ta???

Mila sanadjan prakawis nginggil poenika panjerat dèrèng wani nang- gel njata lan botenipoen; éwasas- amanten wani ngandaraken; margi roemao perloe, lan kedah dipoen- brantas, watak ingkang mbédak- mbédakaken poenika wae.

Panjerat:

„Sampoen kaladjen-ladjenaken watak mbédak-mbédakaken ing- kang tanpa teges poenika!!! Ma- nawi kapénging sineboet djempol saèstoe, (boten namoeng djempol- djempolan kémawon) gampil sae- poenika. Sapoenika saweg djama- man Coöperatie lan ndandosi éco- nomie. Jèn pandjenengan saged lan karsa ndandosi sadèrèk kita ingkang alit-alit lan risak éko- nominipoen; boten soesah kawar- rak-warakaken; temtoe sampoen badé ngambar doemogei poendi- poendi wartos pandjenengan, in- kang ambeg rahap poenika. Kosok-wangsoelipoen: manawi pandjenengan namoeng nglangak, nedja manginggil; boten karsa nggapé dateng sadèrèk kita ingkang alit-alit . . . mboten badé wontenipoen namoeng kalimrah- aken, kirang-kirang begdjanipoen badé kaètjèr-ètjèr pandje- nengan wonten saènggèng-ènggèng. (Melaaaas). Orèhan poenika ka- djawi panjerat roemao perloe; oegi dapoer kapeksa.

Loegoenipoen inggih sampoen dangoe anggèn koela badé nglair- aken; nanging taksih koela srantos- aken kémawon. La sareng panjerat mireng gèsè- lating golongan sanès, toekoel ma- lih krekak koela samanten poenika; ingkang manawi boten seling serap panjoroaosipoen badé maédahi doe- mateng sadèrèk ingkang mboten mangertos sinoendoel poejojeh sa- king kiwa-tengen. (nglenggem baé).

Notik oréanipoen kadang kita ba- boe Adaninggar, (Sw. Tm. No. 24 ddo. 12 Juni '31) mila wonten mbok- manawi kapara taksih katah sadèrèk kita ingkang kagoengan watak mbé- dak-mbédakaken; dados ingkang koela piring poenika boten mokal saeopami njata saèstoe. Wangsoel dateng gèsèlan.

Panjerat boten kok njokoeraken lan boten saged mbèlani dateng panggèsèling golongan sanès; djer panjerat boten soemerep sabab-sa- babipoen; mandar gadah gagasan mbokmanawi margi kesagnetan sa- dèrèk kita pijambak anggènipoen sok ndjèrèng² (mbèbèr kabregasanipoen pijambak); boten dapoer kadjarag oet. sinedja, mbokmanawi sampoen kabekta saking lagéan; oet. watak wantoenipoen. (Sampoen kirang pa- ngapoent!!!). Poenapa panjerat ngawisi; martosaken kawontenan ingkang njata lan bregas oet. ingkang mila betah kawartosaken??? O, boten babar pisan sadèrèk; poenapa mèri anggènipoen boten saged damel ka- saènan oet. djempol??? inggih boten; namoeng weling manawi kagem; sampoen kesagnetan (te erg); min- dak dipoenéwani ing sanès. Kang- gé sadèrèk pandjenengan pijambak (toenggil kapitadosan) temtoenipoen

PANGANDIKA DALEM I.S.K. SANTO BAPA LEO XIII.

I. Patokan: Panggoela-wentah poe- nika kedah dipoeniwiti wonten ing grija (papaning rarajatan).

Anak poenika soepados sampoen ngantos kapitoenan menggahing pangandel sarta agaminipoen, poenapa malih soepados resik kasoesilanipoen, kènging tan boten kedah wiuw alit lan sampoen wiuw wonten ing grija (papaning rarajatan) kasoekanan panggoela-wentah ingkang saé. (Encyclic: Inscrutabili, 21 April 1878).

II. Patokan: Bapa bijoeng koewa- djiban ngoedi soepados anakipoen angala woelangan agami.

Sampoen dados pantesipoen, ma- nawi bapa bijoeng ingkang saé, ngoe- di soepados anakipoen, samangsa wiuw sekolah, kangertosna dateng angger-anggering agami, poenapa malih bapa bijoeng kedah ndjaji soe- pados wonten ing pamoelangan sam- poen ngantos wonten poenapa-poe- napa ingkang mitoenani dateng agami lan kasoesilanipoen. Soepados tijang sepoeh sregeg anggènipoen anggoela- wentah dateng anak, mila angger- anggering Allah sarta angger-ang- gering kodrat madjibaken dateng tijang sepoeh ing bab panggoela- wentah wae sarta tijang sepoeh ma- wi santolan poenapa kémawon boten kènging pisan-pisan nginggati ka- wadjiban wae. (Encyclic: Nobilissima Gallorum, 8 Febr. 1884).

III. Patokan: Bapa bijoeng gadah wenang milih goeroe kanggé anakipoen.

Langkoeng-langkoeng ingkang ga- dah pangowasa milih sekolahan panggènaning anak sinaoe poenika: bapa. Bapa koewasa milih goeroe, ingkang tjalon moelang kasaènan dateng anak. Mila manawi tijang sepoeh Katoelk gadah paneda, soe- pados piwoelangan agaminipoen poen anak, tijang sepoeh wae won- tenipoen namoeng nindakaken we- wenangipoen pijambak. Tijang se- poeh Katoelk kawadjaban gadah pa- neda kados makaten. Ingkang nama ngidak-idak wewenanging tijang se- poeh poenika, manawi tijang sepoeh wae kapoerih milih: jèn ora gelem anak teroes bodo ija koedoe ngli- lani anak akèh oetoeé ilang aga- mané. (Encyclic: Affari Vos, 8 Dec. 1897).

ndèrèk bingah; déné sadèrèkipoen wonten ingkang djempol. Èstoe poe- nika, boten namoeng lamis; teroes ing manah.

Namoeng, inggih kedah èngèt; kita poenika Djawi, njoklad, dados manawi ngadjengaken kaladoekipoen ngalem dateng gagadahanipoen pi- jambak sanadjan njata saèstoe klè- bètipoen. Bèda kalijan bangsanipoen Landi (koelit petak); ngatingalaken poenapa gagadahanipoen; ngalem pisan nama limrah ingkang kang- gènipoen bangsa kita klebet oemoek. Sampoen samanten kémawon: wosing atoe koela. Rèhning golo- ngan kita poenika katah ingkang njemak; ndjenggleng, métani, mila kedah ngatos-atos; wonten sleepipoen sakedik kémawon badé ka- orèk-orèk mrika-mrika.

Poenapa ladjeng adrih; koewatos?? Boten. Mandar kleresan: minang-

golongan, sok bandjoer dicritiek, dikorék, diwawas oetawa digagas. Terkadang ana temboeng sidji baé sing salah bandjoer didèbat keras, dilak-loek lan didawak-dawakaké nganti dawa kaja oela.

Bk. Wah, saka pangirakoe, jèn moeng tjatjad kaja mengkono baé gampang ilang-ilangané.

Tjp. Tjoba kepriyé?

Bk. Mengkéné: oepama ana kar- angan sing diarani goroh, ora njata, temboeng sing ora betjik oetawa prekara sing dewèké rada ketaton ikoe kaja-kaja ora ana alané jèn sing ngarang baé dikirim lajang metoe kantor redactie.

Tjp. É, é, ija, ja! Dakpikir-pikir kaja mengkono koewi teka rada kepénak jèn ta ditindakaké. Déné jèn rada koewatir, menawa karang- ané kaja kang kaseboet ikoe bakal kebandjoer-bandjoer soemabar, kaja ja ora soesah disoemelangaké, awit kanggoné toekang ngarang sing oetama, prawira, jèn mengerti njata loepoet temenan, mesti bandjoer ngalah lan gelem ngakoni kaloe- poetané ana ing karangan. Ora teka bandjoer ngadjak èjèl-èjèlan, okol-okolan golèk menang.

Bk. Koro manèh jèn disawang saka kadohan ing golongané ban- djoer katon roekoek, ora tjatjong- kraham.

Tjp. Kedjaba kaja sing wis dak- kandakaké ikoe jèn pers woedjoed journal the opinion, oega isih ana alané. Jaikeo: sok bisa gawé bin- goeng, petenging ati lan kapitoen- an gedé toemrapping bangsa oetawa golongan, kang marga saka ananing pekabaran goroh lan wawasan,

keterangan oetawa gagasan kang ora nganggo, ndjoepoek, wewaton- wewaton sing njata, sing kena dingoegoe lan dirasakaké temenan, kang wekasané moeng gawé bin- goeng lan ora ana goenané.

Bk. Apa ana ta pers sing kaja mengkono?

Tjp. Wah, akèh banget. Kajata: 1. Kaja kang kaseboet ing andar- ané saodara Andaja ing Sw. Tm. no. 49, tanggal 5 Desember 1930. Wong-wong Katoelik ing Roelan, Tiengkong lan Mexico pada dika- baraké saka kana arep ngraman. Nanging bareng toewan Mc. Cullaugh, djoeroe ngarang lerland, bisa mleboe mbloesok ing kana njatakaké, djeboel kabar ikoe go- roh. Sanjatané ing nalika semono ing Mexico ana pangoeja-oaja sing gedèng-gedènan. Dadi ora teka wong Katoelik ngraman, nanging negara sing ngoeja-oaja wong Katoelik.

2. Djaman hoera-hoeroe siswa ing pamoelangan Madioen gega- joetan karo lagoe Wilhelmus lan Indonesia raja, pers-pers poetih akèh sing pada plintiran, dram- drom bengak-bengok ngandakaké ngèna-ngèné, lan diantjoer-antjoeri, nganti ndjalari sedoeloer-sedoeloer- koe Indonesia akèh sing pada ngandel lan goemoen marang pre- kara ikoe.

Nanging bareng ana brochure djoemedoel saka redactie Mardi Kasantosan Madioen, tjeta banget jèn lelindorané pers-pers poetih maoe adoh banget soengsaté karo njatané.

3. Ing pers doewèké mas Sayuti

Loebis kerep ngemot karangan- karangan sing wosé woedjoed pa- njana-njana lan pangala-ala toe- moedjoe marang agama Katoelik oetawa para Pastoor, kang moeng nganggo wewaton antem krama. Liré moeng kawijagah nggoegoe sakarepé déwé. Oetawa manèh nganggé wewaton petikan saka boekoe karangané wong-wong moengsoehé Pasamoewan Soeti, lan jèn dinjatakaké ora ana njatané. Kena diarani moeng lelindoran baé.

Kajata akoe matja (Juni 1930) karangané: mas rara Sifti M. . . . Moenah, Makassar. Wosé: ngarani wong-wong lanang Kristen anggoné gelem mleboe sembahjang ana ing Grèdja moeng marga arep kekoem- poelan karo prawan-prawan.

Manèh! Karangané kajai Abdoel- djabar (oega Juni 1930): ngandaka- ké jèn sing dadi kabektikané agama Katoelik sing katon jaikeo nenoen- toen bangsa Indonesia, seneng marang lakoe ngiwa (perzinaan). Lha, kaja mengkono koewi lo dik, alané jèn pers woedjoed jour- nal the opinion. Nanging moenggoeh betjiké jèn pers woedjoed journal the opinion ja akèh banget, jaikeo jèn presasat dadi djoeroe pitoe- doehing kanjataan.

OPERASI JOURNALISTIEK.

Kanggé adjenging Pers Katholik.

III.

Sampoen djelèh, sadèrèk. Sampoen bosen. Sampoen nglepèh. Maos

BATIPIPOEN BANGSA KITA.

Moendoer margi???

Toewan de Kat Angelino, In-spèktoer Kantoer van Arbeid, tinanggenah njatitèkaken panggaotan ambatik ing tanah Djawi. Ingkang sampoen kapriksa jèn koela boten klèntoe, tanah Djawi Kilèn toewin Tengah. Sapoenika prijantoen waoe saweg wonten Djawi Wétan.

Wawakiling serat kabar Indische Courant njeplik pamanggihipoen tw. de Kat Angelino toemrap panggaotan ambatik ing tanah Djawi Wétan. Toewan waoe mratélakaken:

„Panggaotan ambatik ing Djawi Wétan manawi kapendet oemoempioen risak sanget.

Ing Sidaardja toewin Bangil ingkang roemijin misoewoer dados poesering batik, sapoenika sasat sampoen kasilep. Samanten oegi ingnggiling Toeban lan Gresik.

Poenapa sababipoen?

Margi, kadjawi awis arta, djaman malaise, . . . oegi kabekta saking mingsat-mingseting kawontenaning djaman, i. p. déning katah bangsa Djawi ingkang langkoeng remen, manganggé pantalon. Katah bangsa Djawi ingkang amboetjal iket toewin sindjang, kagantos tjana sepatoe.

Makaten kirang langkoeng soeraosing katranganipoen toewan de Kat Angelino. Sampoen mesti kèmauwon, kadjawi poenika moendoering panggaotan njerat, inggih margi kadesoek ing sindjang tjap-tjapan. Margi kadesoek déning industrie, déning mesin.

Dados, manoe toewan de Kat Angelino, salah satoenggiling sebab ingkang andjalari moendoering panggaotan ambatik, poenika margi katah bangsa kita ingkang remen manganggé pantalon.

Prakawis poenika kedah sami klèntoe tampi, atoe koela poenika boten ateges koela boten seneng kalijan tjang manganggé tjara internasional. Sanadjan koela pijambak langkoeng seneng manganggé tjara Djawi, nanging poenika boten ateges koela nedya andoewa sampoen ngantos bangsa koela sami manganggé djas toewin tjana. Djer, pandeseking kawontenan, pangesoeking pasrawoengan kalijan bangsa ngamantjaja ingkang ngantos ladjeng ambatahaken manganggé tjara internasional, pantjèn boten gampang sinajoetan. Kepara malah moetawatosi manawi kita tambaki. Awit, . . . manganggé poenika leresipoen namoeng doemoenoeng wonten senengipoen tjang pijambak-pijambak.

Namoeng kèmauwon, para ingkang tresna ing bangsa, oetawi saben tjang Djawi gadah kawadjiaban ngreksa sampoen ngantos panggaotan ambatik keladeng pedjah. Lan, margi roemaksa waoe, saben tjang Djawi anggadhahi wadjib amboedidaja ngopadosaken sarana oetawi djampi ambatik soepados panggaotan poenika sampoen ngantos pedjah.

Manawi kita nedya ngadjengaken batikan Djaw., kedah mawas nalar poenika adadasan wataton kakalih, i. p.:

a. Kagoenan. Batik poenika kagoenaning bangsa Djawi. Kagoenan makaten, batinipoen ingkang adakan

saged andajani toewoehing raos marem; anjoeboeraken toewoehing raos adi éndah.

Dados ingkang bakoe angèngingi kabatosan.

Manawi anggèn kita manah ngih-tijari adjenging batik mligi saking kagoenan, poenika kados tjekap manawi saben grija Djawi ingkang taksih nengenaken panganggé Djawi anggadhana gawangang, tjanting toewin wadjan. Pikadjeng koela: sageda saben grija njekapi kabetahan sindjang (oedeng) kanggé grija batihipoen pijambak.

b. Panggaotan. Manawi anggèn kita ngadjengaken manah dateng panggaotan sampoen mesti kèmauwon, ing salebeting panggaotan waoe kedah wonten organisasi ingkang peng-pengan; kedah saged neba dateng sadjawining Indonesia; pola² oetawi tjoraking batikan kedah boten poegoeh ngekahi tjara kina.

Koran Bintang Timoer, roemaos boten patos seneng, manawi bangsa kita dateng kantor manganggé bebed wangsoel kados djaman roemijin. Koran poenika ngadjengaken oesoel ingkang pangangkahipoen sageda adamel adjenging panggaotan ambatik, kados ing ngandap poenika:

I. Tjelana batik dieroemah, penggantij pijama dari Tobralco atau kain Djepang.

II. Memakai dasi batik, tetapi toekang batik hendaklah memperbagoes kwaliteit batik dasinja sehingga tahan lama.

III. Hendaklah taflak medja jang selama ini dibeli dari toko, boeatan dari loear negeri, atau batik tjapan dari loear, diganti dengan kain taflak batik bangsa sendiri.

IV. Hendaklah sekalian taflak pot boenga djoega dari batik.

V. Hendaklah perhatian dinding seperti di kamar toelis dan kamar makan, dipakai kain batik bangsa kita itoe.

VI. Idem oentoe kain pintoe dan kain djendela (gordijnen) poen dari batik, tetapi toekang batik poen hendaklah dapat memikiri dan mengeloearkan batik jang bagoes jang tjotjot oentoe kain pintoe . . .

VII. Hendaklah toekang-jang batik dapat mengeloearkan sematjam kain batik, jang dapat dipakai dari kain Tobralco.

VIII. Hendaklah kiranja ditjari pas sar dari batik diloear negeri, seperti sekarang banjak lakoe ke Amerika dan Eropa, oentoe perhatian dinding, taflak medja dan sebagainya.

IX. Saroeng bantal dan spre di dari batik.

Namoeng kèmauwon tjang ingkang nedya ngadjengaken panggaotan ambatik kedah ladjeng gadah pitakènan: poenapa anggèn kita ngadjengaken panggaotan ambatik poenika, wohipoen saged djadjar kalijan mesin Europa ingkang saged damel sindjang tjap-tjapan boten kawon gebjaripoen kalijan sindjang dédé batikan tangan?

Prakawis poenika koela soemanggakaken!

Kumuningsaselé 21 Juni 1931. Taklim: Patjar Mérah.

ka panggoegah kita; koela sami saged langkoeng ngatos-atos. Ing rikoe badé katingal pijambak, boten soesah kita tjoenggoelak: toemrap ingkang achli boedi badé mangertos; bilih barang poenika manawi wonten awonipoen sakedik saged katingal, mratandani bilih barang poenika saèstoe (niet waaaaa????). Panjoewoen koela kagem sadèrèk ingkang poenika waoe sampoen ngantos seling serep anggèn pandjenengan njoeraos, mindak ladjeng sinoerakan ingkakatlah. Nanging kagoengana karasa ngoeboer oet. brantas watak ingkang koela atoeeraken poenika waoe: I mbédak-mbédakaken.

II Ngoemoek-oemoekaken.

mBokbilih wonten galap gangsoel toewin kladoeking atoe koela; karasa paring samodra pangaksama.

Aksamanta. J. Koes. P. s. Moentilan.

ÉKONOMI.

PENGETAN SAWATAWIS BABAGAN PANGGAOTAN, KABOEDIDAJAN LAN PANGGESANGAN.

(Sambetanipoen Sw. Tm. No. 25).

Tjonto nginggil poenika nggambaraken dateng para maos, kados-poendi akalipoen mboeroe gesang tjara Amérika-Sarékat, sarananipoen: memalad lan ngarih-arih toer mawi eneng-eneng, boten tjara njodor lan mblesekaken!

Bab poenika inggih tjeta wonten ing panjandranging stèr-stèr ing film.

Satoenggal-satoenggalipoen dipoenketingal-ketingalaken saènipoen, tan pa mawi njlonèhi stèr sanèsipoen.

Dados publik ladjeng ketarik dateng sadaja stèr.

Kadjawi poenika kala koela ngandaraken bab toerisme, (Swara Tama 8 Mei), koela mawi matoeur: „Roemijin sapoenika sami kèmauwon, kala-kala kedah mawi radé nékad.”

Oekara ingkang makaten poenika tjodoek sanget jèn dipoentoemrapaken kalijan tradjangipoen Ford, bangsa manggaota ageng toer inggih ing . . . Amerika malih. . . .

Awit kjai Ford waoe, sanadjan sampoen kawentar peng-pengan lan babasan kakuipo dollar, nanging panggaotanipoen inggih boten adjeg bati kèmauwon.

Lan: jèn pinodjo toeni, sanadjan joetan, inggih meksa nékad! ngandap poenika pilahipoen: taoen 1927 toeni 42.000.000 dollar. taoen 1928 toeni 72.000.000 dollar. taoen 1929 bati 81.790.000 dollar. taoen 1930 bati 44.460.000 dollar.

Lah, poenika gambaripoen! Gambaripoen tjang ngojak gesang, mboeroe gesang!

Sami kalijan tindakipoen harja Schaeplman lan Thijm nalika nggèrèd gotrah Katoelik ing Néderlan, pagolanipoen katah sanget! Kg. Biskop kirang rena, kaeom intelektual abritan maiben, gotrah Katoelik pijambak léngkak-léngkok! Nanging sawoeng kalih waoe nékad, mberot wasana. . . . sami angsal damel, asmanipoen kaloka, pakarjanipoen katingal, ingkang mitoehoe ngla-

djengakeni-pakarjanipoen ndjirap! (bab poenika sanès dinten kala-djengakeni).

Sapoenika wangsoel dateng Amérika malih.

Bab tariff wall oetawi inggahing paos import, sanjata mitoenani dateng U.S.A. pijambak, margi poendi-poendi inggih ladjeng damel tariff wall pijambak-pijambak, andjalari ngribedi pamboetjaling dagangan saking U. S. A.: kala taoen 1929 U.S. A. saged mboetjal auto dalah pirantos-pirantosipoen pangaos 539.000.000 dollar, taoen 1930 namoeng 277.420.000 dollar, dados soedanipoen watawis 50% poenika saweg bab auto, dèrèng barang-barang toilet, tenoenan lss.

Bab roemijin wonten pametja, pedjahing taoen 1930 saged oegi badé ateges moesaning wékdal malaise, poenika wonten ing Beurs Europa (Paris, London, Berlin, Amsterdam lss.) radi wonten oetotipoen; nanging namoeng radi. Wonten U.S.A., langkoeng² jèn dipoentingali wonten panggaotan sepoer, pametja waoe mlèsèd 100%!

Margi manoe palapoeran maskapé sepoer ingkang ageng-ageng (18 tjatjahipoen), pamedalipoen maskapé-maskapé waoe ing woelan Februari taoen poenika mlorod 48% jèn katanding kalijan pamedal kala Februari taoen kapengker, lan mlorod 60% jèn katanding kalijan pamedal kala Februari taoen 1929!

Andaja. (Badé kasambet).

CORRESPONDENTIE.

— Redaksi njoewoen kanti sanget, soepados karangan-karangan sampoen kaserat ing sawolak-waliking djalang, nanging namoeng ing sasoe walik kèmauwon. Lan jèn ngintoenaken copie, ngèntetana tarip post.

— M. prakawis ingkang kaseboet ing „Katoerenz.” poenika prajoginipoen dipoenrembag pijambak kalijan ingkang wadjib, dados boten soesah medal Sw. Tm.

— Karangan ingkang sampoen katampi i. p. saking: Kantor-Balé-Poestaka, Th Soewartijem, S. D. H. Banjoedana. Matoeur noewoen!

Red. Sw. Tm.

— A. Bedja Tar. Borneo, prakawis sdr. Soetiman poenika namoeng saking slesohipoen ing margi. Saladjengipoen badé kaangkah, soepados Sw. Tm. saged adjeg sowan. Sampoen kirang pangpaonten.

Adm. Sw. Tm.

OERAP-SARI.

KABAR KATOELIK.

VATICAN.

Katjirèn „persona non grata.”

Luis de Zulueta, ingkang pantjènipoen badé kabenoem déning Sepanje dados wewakilipoen wonten ing Vatikan, manoe „Daily Tel.” angsal tjetjirèn „persona non grata.” temboengipoen sanès: boten bedé katampé kados wewakilipoen pradja Sepanjol.

Déné sebabipoen: Luis de Zulueta waoe wiyit dateng wonten ing Roem katingal gadah watak anti-clerical. Lan malih sampoen kerep njerat ingkang toedjoenipoen merangi Pasamoean Soetji.

DIAKEN DJAWI KALIH ÉNGGAL.

Ing woelan kapengker wonten ing kita Maastriht (Nederl. Limb.) sampoen winisoeda dados Subdiaken ladjeng Diaken, pandjenenganipoen M. Reksaatmadja toewin A. Soegija (tilas Hoofdredacteur kita). Pangkat Subdiaken lan Diaken poenika andah-anipoen Imam. Jèn boten wonten aral poenapa-poenapa, béndjing woelan Agoestoès ladjeng badé sinengkakaken dados Imam.

Kita sapoenika sampoen nitjil ndèrèk bingah, sarta njenjoewoen, soepados Goesti Allah karsaa ambangoen Diaken énggal waoe dados Imam, ingkang apenggalih kados Tyas Dalem.

Tjéblok énggal. Ing Tebing Tinggi Missie sampoen toembas grija ageng. Poenika antjasipoen badé kanggé Grédja lan padoenoengani-poen Rama.

PARANGAKIK.

Toemoet wonten ing setèling Paris. Ing afdeeling Missie kedjawi gambaripoen Xaverius- College ing Moentilan, potrèt-potrèt ipoen Imam kita Djawi sapisanan, Soester Djawi sapisanan lan sadèrèk Katoelik Djawi sapisanan ingkang tampi bintang saking K. St. Bapa sami dipoenpasang ngégla.

Missie Almanak sapisanan. Sapoenika Parangakik oegi sampoen anggadhahi Missie-Almanak, ingkang nembé wiyit kawedalaken wonten ing Paris déning Paul Lesourd, ingkang ngedalaken oegi „Revue d' Histoire des Missions.” Ngewrat Missie Bèlgi lan parangakik sadjagad.

DJEPAN.

Wadyabalancing sètan patjak baris. Manoet pakabaranipoen koran-koran woelan Djoeni ing Djepan dipoenadegaken pakempalan „Sarèkat merangi Agama,” lan ing woelan Djoeli „Sarèkat Anti-Agama.” Pasamoeran Soetji mesti kèmauwon badé kasempjok; jèn boten dados ingkang kapeleng.

Namoeng sètan sabalanipoen ingkang saged ada-ada kados makaten poenika!

Film babadipoen Martir Djepan

26. Ingkang gadah ada-ada satoenggiling tjang Djepan Katoelik soegih, ingkang taksih toeroenipoen tjang Katoelik Djepan ing abad 17. Ing-gih pijambakipoen oegi ingkang njanggi wragadipoen. Déné ingkang damel, the Nikkatsu Motion Picture Company, Kyoto Djepan. Libretto-nipoen dinamel déning Rama Heuvers. S. J. ing Universitasit Katoelik ing Tokyo, lan Rama Totsuka, Imam Djepan ing Maha-Kabiskopan Tokyo.

(Ing abad 16 Pasamoeran Soetji ing Djepan dipoenkoeka-koeja. Lan ing woelan Pébroewari taoen 1597 wonten tjang Djepan Katoelik 26 ingkang dipoenpentang wonten ing Nagasaki. Ing babad poenika dipoen-anggep kados poepoetjoeking pangoeja-oeka ageng ingkang badé kalampahan ing béndjingipoen, ingkang kasewoer anama „martiran ageng-agengan.” Inggih ing wékdal poenika anggenipoen medal ondrag-ondrag: „sadjegè srengèngé manasi boemi, adja ana wong Katoelik wani-wani ngantjik tanah Djepan.” Djepan toetoep pintoe dangoenipen kalih abad. Woelan Maret tanggal 17. taoen 1865 kok inggih wonten ing Nagasaki anggenipoen tjang Djepan Katoelik, ingkang salebetipoen kalih abad nglampahi agaminipoen kanti delikan, kepanggih malih kalijan Imam. Imam

teroes. . . Samanten waoe manawi pandjenengan mila nedya memajoe ajoening djabagad Katholiek . . .

5e. Prijé ta, wong akoe ngrekasa bangtet nek matja tjara Djawa koewi. Loewih ngerti nek basa Walanda.

Pantjèn. Koela mangertos katah sanget bangsa koela ingkang wiyit alit sasat dipoenpanglingaken kalijan basanipoen pijambak. Malah katah oegi ingkang wiyit alit kapomahaaken kalijan swasana Walandi, kapisah kalijan swasana Djawi. Ngantos dalasan njeboet bapa lan bijoenipoen kèmauwon inggih kamsamboetaken temboeng „papie” toewin „mamie”. Laré ingkang wiyit alit dipoenmakatenaken waoe, boten maiben manawi béndjing agengipoen tebih kalijan basanipoen pijambak. Malah bokmanawi saged kalampahan djidjik kalijan basa Djawi.

Koela mangertos oegi, katah sanget bangsa kita ingkang dipoenagengaken wonten gedong sakolahan ingkang sroewa-sroewi Walandi. Lan, . . . koela inggih boten maiben bilih para sadèrèk wedalan ngriki margi manohipoen kala wonten pamoelangan ladjeng tebih kalijan basa Djawi.

Nanging, . . . sanadjan makatena, . . . koela boten ngandel bilih rohipoen tetjatang waoe sampoen dédé babaran Djawi ingkang ngantos boten tedas ing panggegeting basa Djawi, satemah ladjeng angemohi Sw. Tm. margi abasa Djawi. Rohipoen tjang makaten waoe, poek koela boten béda kalijan poen A. S. D. ingkang dipoenagengaken

déning hawa ing ara-ara, pasabanan lan pategilan; dipoenkijataken déning gigiting maesa, garaning arit, lan welahing baita; dipoendoesi ing toja sabin, toja rawa lan toja lèpèn. Kadjeng koela: sanadjan anggenipoen nglebetaken pangertos alantaran basa Walandi, ladjeng anggènipoen angedalaken inggih mawi basa Walandi, nanging wonten ngrikanipoen, wonten djagading nalar, pangertos waoe mesti kamangsak langkoeng roemijin kamangsak mawigrahit Djawi. Anggenipoen makaten waoe, margi pantjèn inggih Djawi toelèn, bapa bijoenipoen Djawa, baboenipoen wong Djawa, djongosipoen wong Djawa, si boemi, hawa lan swasana ingkang dipoendoenengi, inggih Djawi.

Dados, oeger boten awatak wogah, awatak kesèd, awatak emoh, . . . koela tanggal nalaripoen mesti kénging kanggé amadahi isining koran basa Djawi. Djer, . . . dasar pantjèn sampoen djodoniipoen, sampoen anggenipoen. Prakawis poenika pasaksèn sakalangkoeing katah. Koela atoeri angèngeti sinten ingkang dados goeroe basa Djawi wonten Kweeksch. lan Normaalschool? Sinten ingkang sinaoe wonten taalcurus ing Betawi? Poenapa poenika dédé prijantoen ingkang soewaoe dipoenipoe wonten gedong pamoelangan ingkang sasat sroewa-sroewi Walandi? Poenapa ing djagad Katholiek boten wonten R. Adiwidjana, Rm. Djaja Éndra, J. Prawirasomarta, ingkang kénging dipoen-goeroni babagan basa Djawi? Lan, prijantoen-prijantoen poenika waoe-

nipoen saking pamoelangan poendi? Poenapa kita boten kèngetan kala konggrès P. K. W. kapengker poenika, kalanipoen saodara Soegiri (wedalan H. K. S.) propaganda P. P. P. A.: basanipoen Djawi loewes, lebet, amranani? Poenapa kita kasoepèn dateng R. Somadisastra pangarsa P. K. W. lan sadèrèk Harjadi ingkang basanipoen Djawi inggih moeloe? Taksih katah sanget sadèrèk toenggilipoen!

Dados leresipoen sabab waoe boten maton. Poenika namoeng doemoenoeng wonten gelem karo ora, arep kalijan emoh. Djer, . . . badéja kados-poendi-kados-poendi, tetjatang waoe pantjèn babaran Djawi ingkang mesti mempan lan mesti saged madahi basa Djawi.

Saja manawi koela angèngeti prijantoen ingkang makaten waoe ingkang gesang wonten djaman sapoenika, poenika saja sanget anggen koela ngantepaken boten maton. Awit, . . . prijantoen waoe ingkang gesangipoen wonten djaman sapoenika, poenika ratjak tjang sepoehipoeend èrèng sanget anggenipoen kedesek ing swasana Walandi. (zie a). Manawi béndjing djaman satoeroenan engkas, margi pandamelipoen tetjatang sepoeh ing djaman sapoenika, . . . poenika saged kalampahan wonten terpeladjar Djawa tebih temenan kalijan basa Djawi, ngantos pangling saèstoe kalijan basa Djawi. Nanging deles Djawi, dasar Djawi ingkang doemoenoeng wonten tjang waoe, manawi dipoenkemonah saèstoe inggih saged sreg kanggé amadahi basa Djawi.

6e. Wong saiki djaman mangoengaling bangsa, teka Swara Tama tinoleis ing basa Djawa.

Koela ngakeni salah satoenggiling sarana ingkang kalebet penting pijambak kanggé anggajoe kamardikaning tanah kita, poenika mangoenggiling pinten-pinten golongan ing Indonesia kanti wawaton ingkang maton djanggalan ingkang mitajani. Lan, koela inggih ngakeni basa sarating mangoenggiling waoe basa Mlajoe. Nanging poenika boten ateges basa Djawi kedah ladjeng mlebet ing moeséjoem. Boten ateges koran-koran kita kedah sadaja mawi basa Mlajoe.

Kados-poendi idam-idaman koela toemrap pers kita?

a). Kita kedah gadah koran hari warti basa Mlajoe.

Nanging kadjawi poenika,

b). kita kedah gadah kala warti basa Djawi. Awit, mlebeting prakawis warni-warni wonten manahipoen tjang, poenika temenipoen langkoeng toemanem manawi mawi basanipoen tjang waoe pijambak.

Prakawis poenika, oegi katitik wonten lampah djantranipoen sadèrèk P. B. I. ing Soerabaja, kadjawi ngedalaken Soeloe Rakjat Indonesia, taksih angedalaken volksblad basa Djawi, i. p. „Swara Oemoem”.

Kalih prakawis ing nginggil poenika, gagajoehan loehoer ingkang kedah saged kalampahan.

Mila, boten maiben manawi kate golongan kita ingkang sadjak mekopak sanget, saepami sapoenika

poenika kita gadah koran hari warti basa Mlajoe ingkang pendak saminggoe sapisan mawi lampiran basa Djawi. Lan jèn koran basa Mlajoe ingkang mawi lampiran Djawi waoe ingkang ngedalaken maskapé Katholiek Djawi, lampiran waoe sampoen mesti kèmauwon inggih isi babagan practische politiek.

Nanging, . . . poma weling koela, sampoen ngantos kita angedalaken koran hari warti, manawi wedaling koran waoe boten saged teroes anggatoetkatja; tegesipoen: sarwa pangkoeh santosa; sampoen ngantos medal sataoen kalih taoen ladjeng pedjah,

Rèhnè, kawontenan ing samang-ké, taksih anedahaken ing kalangan kita gadah koran basa Djawi lan Mlajoe, i. p. Swara Tama lan Soeara Katholiek, para kadang Katholiek toelèn kedah angadjengaken koran kalih pisan waoe. Dados sampoen ngantos angemohi Swara Tama namoeng margi basanipoen Djawi.

Para sadèrèk, sampoen ngantos mendem wonten ing sarana oetawi sarating mangoenggiling bangsa. Koela pratèlakaken ing riki, sanadjan basanipoen Djawi, poenika dédé titikan manawi isinipoen boten Indonesia

Minggoe ngadjeng kateroesaken malih. Lebih ramé! Lebih menarik! Sampoen kesoepon, neroesaken pésonipoen A. S. D. dateng mitra karoeh.

A. S. D.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama

dapat POTONGAN.

Frieling's Glansverf A

(tjèt gilap)

kantoe ngoesar-oesarakan kémawon, teroes kènging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa - blèg	9.-	4,75	2,50	1,10	0,60	

Kwaliteit (golongan) B, sa - blèg	10 Kilo	f 6,50.
	5 Kilo	f 3,50.

Frieling's Verflak no. 1 sa - gendoel f 0,90.

no. 2 " " " 0,70.

Lisah tjèt Walandi " " " 0,50.

Byta kanggé ngitjali tjèt " " " 0,30.

Artistico Calcarium sa - Kilo " " " 0,75.

Glansverven (tjèt gilap) sabèn 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjèt **R. B. FRIELING**
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN - DJOKJA.

ER
ER
ER
ER
ER

Receipt

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT

BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Roendrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY - SWIFT - GRUNO - HUMBER - VIALLE -
BURGERS E.N.R. - KROON - NATIONAL - BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelai f 55.-, f 65.-, f 75.- dengan perkakasnja : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wehter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.

Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Sampoen sedija papan pondokan kanggé LARÉ ÉSTRİ INGKANG SEKOLAH.

Sinaoenipoen dipoenolat - oelataken sarta dipoen - toentoen.

Wragad mondok lan neda: f 15.-

Koela :

Hardjodiningrat,

Goenoeng - Ketoer, Pakoe-Alaman, Ngajogja.

TOKO DJOEN & Co.

TELEF: No. 374.

MOEKA TOKO FUJI DJOCJA.

KITA POENJA

KOEWEH² dan BARANG²

HARGANJA KITA KASIH TOE - ROEN BANJAK, SILAHKEN

MINTALAH

PRIJSCOURANT.

Memoedjiken dengan hormat

DJOEN & Co.

poenika Rama Petitjean, satoenggiling misisionaris ingkang mentas dateng saking negaripoen. Déné ingkang kaanggé titikan, poenapa Imam Katoelik poenapa dédé, tjang - tjang Djejan Katoelik waoe takèn dateng Rama Pititjean makaten: 1) poenapa ambangoen mitoeroet dateng K.S. Bapa ing Roem; 2) poenapa ngoemati dateng Dewi Maria; 3) poenapa wadad.

Angsal walesan boten baèn (O-saka). Okayama Seikyo, artist gagrag Djepan, ingkang njamboet damel sedasa taoen kanggé nggambar (schilderen) Martir Djepan 26, angsal piwales tapi kapitadosan Katoelik; lan saanak sémahipoen lajeng kabaptis. Pijambakipoen milih nama - baptis: Franciscus Xaverius; kanggé ngloehoeraken St. Franciscus Xaverius, ingkang sampoen noelarken kapitadosan Katoelik ingkang roemijin pijambak dateng tanah Djepan (24 Djoeni 1549).

Saking roemaos bedjanipoen Fr. X. Seikyo waoe njaosaken dadamelanipoen dateng Vatikan, minangka tanda panoewoen.

MADAGASCAR.

Angsal pris nomer satoenggal. Rama Poisson, S. J. dirèktoeripoen Observatorium ing Tananarive, sampoen angsal pris nomer satoenggal saking Academy of Colonial Sciences, margi sampoen damel boekoe pétangan cycloon ing tlatah kidoel. Rama Poisson tilas opsir laetaan wonten ing perang ageng. Ing nalika samanten toemoet ngadani perang wontening Yser. Taoen 1923 nggentosi Rama Colin, i. p. ingkang ijasa Observatorium ing Tananarive.

KABAR OEMOEM.

INDONESIA.

Parté Républiek Indonésia.

Babadipoen.

Sadèrèk Soetédja, ingkang badé kakéndangaken dateng Digoel, njarijosaken pakempalanipoen nama „Parté Répoeblik Indonésia”, ingkang waoenipoen kaanggé wados, nanging lajeng kadjodéran déning tarékahipoen telik sandi oepaja ingkang ambidoeng api rowang.

Parté Répoeblik Indonésia poenika djedjeripoen wonten kita Amoy Tjiongkok. Ingkang mandégani sadèrèk *Tan Malaka*, roemijin koeminis misoewoer ing Indonésia mitra darmanipoen sadèrèk Semaon.

Ing Indonésiah ngriki oegi sampoen wonten pangipoen, para panggrèh sami njamboet damel tjoeat sanget, nanging sinandi, mitoeroet tradjanging rakjat ingkang kateh - katah (massa - actie), awit pitados nganggé tradjang ingkang kados makaten poenika Indonésia badé saged katekem sawenèhing babadan.

Parté Répoeblik poenika boten gandèng koentja kalijan parté koeminis poenapa kémawon. Tradjang koeminis ingkang badé anggentjèt kapitalisme, boten dipoenroedjoeki, sabab ingatasipoen pradja meksa perloe wonten kapital ingkang ké-

ning kanggé ngadjengaken ékonomi. Parté Répoeblik poenika oegi boten sapa aroeh kalijan P.N.I., sabab kaanggé P.N.I. ngoeler kambang toemrap anggènipoen ngangkah kamardikan.

Dados Parté Répoeblik boten tjampoer kalijan sinten kémawon. Sadèrèk Soetédja boten poeroen melèhaken rantjanganing parté, anggènipoen mardikakaken Indonésia, namoeng njarijosaken jèn parté poenika sampoen pedjah.

Wonten kita Amoy pangrèh Parté Rép. Indonésia tansah ngrékadaja soepados saged sambet kalijan parté sanèsipoen ing Indonésia, nanging tétéla boten saged rikak kabekta tebihing panggénan. Anggènipoen propandah nganggé serat ngatos - atos sanget oengel - oengelanipoen sinandi, tanpa ngalamat, dados namoeng warganing Parté Répoeblik pijambak ingkang mangertos.

Djedjeripoen pang poenika wonten Soerabaja ingkang sambet kalijan para poenggawa N. I. S. lajeng gampil seseratan dateng kita sanès, poenapa milih rerembagan wados namoeng lésan kémawon.

Dangoe - dangoe wonten karampoengan mindah poesering pakempalan saking Amoy dateng Singapoera, ingkang gandèngipoen kalijan Soerabaja langkoeng gampil lan énggal.

Paréntah Walandi ngonangi prakawis poenika, lajeng tepang rembag kalijan paréntah ing Singapoera, perloe ambibaraken Parté Répoeblik. Nanging sanadjan makaten, Parté Rép. teroes njamboet damel kanti ngatos - atos sanget nganggé tjara sanès malih. Sagedipoen konoangan poenika margi pandamelipoen telik ingkang ambidoeng api rowang, ngantos sadèrèk Soetédja kalijan kantjanipoen nem dipoentalikoeng lan badé kakéndangaken dateng Digoel. Sareng katah ingkang dipoentjèpengi, katingalipoen Parté poenika kandeg, nanging poenapa bibar saèstoe poenika, namoeng sadèrèk Tan Malaka pijambak ingkang soemep.

Warganing Parté ingkang katjèpeng sampoen pitoe, sapoenika wonten boewi Gang - tengah Djakarta, sarta badé kakéndangaken dateng Digoel.

Déné ingkang andjalari ngantos kapikoetipoen tetjjang waoe, i. p.: doerdjana parté anama Sarosan alijas Soetama. Soewaoe Sarosan poenika dados djoeroe sosorahing Parté ingkang sregep sanget sarta awrat bebahanipoen. Nanging kala dipoentjèpeng lajeng ambèber wawadosing Parté ngantos sadèrèk Soetédja sakanjanipoen saged kapikoet. Sadèrèk Sarosan salebetipoen wonten boewi Gang - tengah dipoen - gebagi kantja - kantjanipoen ngantos mèh pedjah sapoenika wonten grija sakit boewèn, dados boten wonten boewèn, awit koewatos manawi saged minggat. Kabaripoen sadèrèk Sarosan sapoenika radi éwah. (S. T.).

Begrooting Kapradjoeritan lan Kapoelisen soeda.

Manoet rantjangan begrooting taoen 1932, wragad kanggé Kapradjoeritan: f 64.033.300, Kapoelisen: f 26.267.674. Mangka taoen 1930 wragad waoe wonten f 71.931.443 kalijan f 27.605.394.

O, Indonésia !!

Poendi ingkang kapéngin gadah ?

Dèrèng dangoe, Anéta ngabaraken saking Roem, soeraosipoen makaten: „Lajang kabar *Regina Facista* ing Cremona, ngemot karangan bab pasar Asia lan Ned. - Indiè sarta bandjoer anggoegah padagangan ing Itali soepaja lalawanan karo Ned. - Indiè, awit sawisé krisis saiki iki, ora woeroeng tanah maoe dadi tebané pametoe Éropa.

Papiljoen Néderland ing Koloniale Tentoonstelling Paris anoedoehaké saja moendaké kasoegihané wewengkon sing tinata betjik ikoe. Wasanané koran maoe malimpingi remboeng soerasané Itali bakal boengah manawa bisa anggenteni Néderland ana ing Indonésia, awit Néderland djiwané moeng nem joeta mangka ngerèhaké djadjahan kang djiwané tiket sapoelohé.

Dados, Itali inggih koemetjer, ngiler, dateng Indonésia. Ateges: dadi roboetan.

Koerban lintah darat.

Dados pangilon.

Sawatawis taoen kapengker wonten bakoel wandé njamboet arta f 150 - dateng satoenggiling tjang Arab. Rèhné manoet Koer'an boten kènging nganakaken arta, bakoel waoe étok - étokipoen kasamboetan barang, nanging barang waoe lajeng kawangsoelaken toemoenten. Sapoenika temboengipoen lajeng njamboet barang, boten njamboet arta. Tjjang èstri waoe sadinten kawadjibaken nitjil f 4. Salebetipoen *sakawan taoen*, tjjang èstri waoe setya pambajaripoen sadinten f 4. Wonten tjjang mireng prakawis poenika. Tjjang èstri waoe dipoentjèpengi soepados ngendel anggènipoen nitjil. Prakawis kapasrahaken ing pradata, déning lintah darat. Woesianipoen poen Arab, kawon. Sateroesipoen katah koerbaning tjang Arab waoe ingkang soetik anitjil malih samboetanipoen.

(Ind. Curt.).

Oetoesan N. V. V.

kalijan Wilhelmus.

Serat² kabar Betawi, njarijosaken kala tapoeking parepatan Raad Kawoela, wakil N. V. V. (pakempalan kaoem berah Néderland) toewan: Douz, Moltmaker lan Kupers ingkang nangani bikakan Volksraad waoe sami *moerang tata*, boten poeroen ngadeg kalanipoen wonten sasanti Wilhelmus lan oegi boten ngadeg kalanipoen G. G. rawoeh.

Manoet katrangnipoen oetoesan tetiga waoe pijambak, sami ngadeg

kala G. G. rawoeh toewin kondoer. Nanging kala sasanti Wilhelmus moengel, pantjèn boten toemindak kados leresipoen.

Dinten Setoe minggwe kapengker, wonten parepatan Volksraad, pangarsa Raad Kawoela mratélakaken kala tapoekipoen parepatan Raad Kawoela angleresi sasanti Wilhelmus kaengelaken, wonten oetoesan N. V. V. kalih sami boten sasarengan ngadeg kalijan sadaja ingkang sami wonten ngrikoe. Pangarsa anggentoeni sanget déné wonten lalampahan makaten. Saladjengipoen badé dipoenwékani sampoen ngantos ing Volksraad wonten lalampahan makaten malih.

Poelisi boten kènging kaendel? Prakawis Poppy Bekkering.

Roemijin *Swara-Tama* naté maratosaken radja - tatoe nonah Poppy Bekkering. Ingkang kènging dakwa Karim, sarta manoet poetoesan Landraad 31 Djoeli 1930 kaoekoem 15 taoen. Karim minggah dateng pradatan ingkang langkoeng inggil, sarta kala 20 Juni '31 Justitie amoe - toes: Karim *loewar* saking oekoeman, margi boten wonten boekti - boektipoen. Gandèng kalijan poenika, *Bat. Nieuwbl.* tilgram bilih kantja resisir Betawi kala semanten pantjèn boten kènging kaendel, katah ingkang sami atindak njoekani boekti - boekti palseo enz. enz. andadosaken tiwasipoen ngakatah. (- Tjjang ingkang leres saè, resik, wonten ingkang kabotjal dateng Digoel, poenika inggih saking pandamelanipoen kantja poelisi sandi ingkang boten djoedjoer -).

Ir. Soekarna.

Kawontenanipoen wonten pakoendjaran.

Manoet seratipoen Ir. Soekarna ingkang wonten pakoendjaran Soe-

kamiskin dateng Mr. Sartana wonten *Persatoean Indonesia*, insinjoer pannoentoen bangsa waoe:

kènging kintoen serat kalih minggwe sapisan (mawi kapriksa) roemijin; serat-serat ingkang katampi oegi kapriksa; garwanipoen kènging toewi sawoelan kaping kalih, dangoenipoen namoeng njadasa menoe, sarta boten kènging mbekta angsal - angsal.

kamaripoen 1,50 x 2,50 M; njamboet damelipoen wonten pérangan damel boekoe seratan; pangageman panganggènipoen tjang oekoeman; daharipoen sekoel abrit kalijan sambel; adoesipoen, sonten katamtokaken namoeng nem menoe: boten kènging maos serat kabar; Bibliothek pakoendjaran namoeng isi boekoe ingkang ateges namoeng kanggé tamba kesel sarta boekoe - boekoe agami. Boekoe - boekoe sociologie boten wonten. Pandjenenganipoen boten saged njambi sinaoe, badan sampoen sajah sanget; sonten djam 9 lampoe sampoen dipoenpedjahi. Ing rikoe wonten kamar kanggé dolanan (recreatiezaal), isi papan tjatoer, boekoe² sport, dagangan lan agami. Nanging doemoegi sapoenika saweg sapisan ir. S. ngloenggoehi recreatiezaal waoe. Kala mlebetipoen, ir. S. mawi dipoengendoeli.

Ngatoeri priksa:

wiwit woelan Juli koela kapindah dateng Moentilan.

J. S. PRAWIRASOEMARTA.

en familie.

TOKO „R.A. SASTRODIHARDJO” NGABEAN DJOKJAKARTA.

Moelai tanggal 1 Juli 1931 saia boeka Toko Bulzak dan tempat tidoer compleet harga pantes, dan barang tangoeng baik, djoega sedia toekang boeat bikin betoel bulzak.

Harga boeat beli contant:

Bulzak no. I satoe stel	f 33	temp. tidoer	f 32	Slamboe	f 14.-
" " II " " "	f 30	" " "	f 28	" "	f 12.-
" " III " " "	f 25	" " "	f 24	" "	f 10,50
" " IV " " "	f 22	" " "	f 20	" "	f 8.-

Dan barang bekakas roemah tangga lainnja saia djoega sedia. Boeat beli dengan **crediet** dan contant boleh dateng di saia poenja toko merk:

R. A. SASTRODIHARDJO wétan Staation Ngabean Djokjakarta.